NYC Department of Education
Carmen Fariña, Chancellor

Manyèl Pwogram

Gifted & Talented

(Pou elèv douwe epi ki gen talan)

Pou elèv ki vle rantre nan pwogram lan an Septanm 2015

Elèv ki fèt an

2009

T&I 21692 (Haitian Creole)

Byenveni !	**Mèsi poutèt ou enterese nan pwogram *Gifted & Talented* (G&T) Vil Nouyòk. Kontinye li pou jwenn enfòmasyon sou tès ak aplikasyon pou yon plas ane lekòl 2015 – 2016 la.**

Dat enpòtan

Pou fanmi k ap chèche yon plas nan pwogram G&T pou Septanm 2015.

Dat	Aktivite
7 novanm 2014	**Delè pou soumèt fòm pou mande pran egzamen *Request for Testing* (RFT) la**
14 oktòb – 23 oktòb 2014	Sesyon enfòmasyon pou Kominote Pou dat ak adrès y ap òganize yo, tanpri telefone 718-935-2009 oswa al sou sit nyc.gov/schools/GT
8 Janvye- 6 Fevriye 2015	Y ap bay egzamen G&T pou elèv matènèl-2yèm ane ki nan lekòl leta yo nan lokal lekòl pa yo
10, 11, 17, 18, 24, 25, 31 janvye ak 1ye fevriye, 2015	Y ap bay egzamen G&T pou elèv prematènèl ki nan lekòl leta ak pou elèv ki pa nan lekòl leta kounye a nan lokal byen presi
Kòmansman Avril 2015	Y ap voye rapò nòt ak aplikasyon yo ba elèv ki elijib yo
23 avril 2015	**Delè pou soumèt aplikasyon yo**
Semenn 25 me 2015	Y ap poste lèt sou desizyon yo pran ba fanmi yo
28 me - 11 jen 2015	Fanmi yo ap aksepte/refize òf plas yo fè yo

Jwenn plis enfòmasyon sou admisyon nan pwogram *Gifted & Talented* (G&T)

Ale sou sit : nyc.gov/schools/GT

Mete non w pou resevwa imèl pou alète w :

nyc.gov/schools/subscribe

Rele nan : 718-935-2009

NYC Department of Education
Carmen Fariña, Chancellor

Se Depatman Edikasyon Vil Nouyòk *New York City Department of Education* (NYCDOE) ki gen dwadotè *Copyright* © 2014

Tabmatyè

Powgram *Gifted & Talented* (G&T) nan Vil Nouyòk 2
Admisyon nan Pwogram *Gifted & Talented* (G&T) : Kòman li fonksyone 2
Demann pou pran Tès la 3
Adrès Biwo Enskripsyon *Enrollment Office* 4
Request for Testing (RFT) pou elèv ki enskri nan yon Program G&T 4
Orè evalyasyon an 5
Avi sou Dat Tès la 5
Pou fikse yon lòt dat pou evalyasyon yon elèv poutèt li te malad 5
Evalyasyon yo 6
Evalyasyon alekri *Nonverbal Assessment* (NNAT) 6
Evalyasyon oral *Verbal Assessment* (OLSAT) 6
Evalyasyon nan lòt lang ki pa angle 7
Aranjman pou tès 7
Preparasyon pou evalyasyon yo 8
Presizyon ak Validite Evalyasyon yo 8
Pwosesis Apèl pou Tès yo bay la 8
Koreksyon Tès la 8
Lè w resevwa rezilta w yo 9
Chanjman Adrès 9
Elijiblite pou plasman 9
Fason pou ranpli Aplikasyon an 10
Aplikan ki gen frè/sè nan yon lekòl 10
Òf plasman 11
Priyorite pou *sibling* (frè/sè) 11
Plasman nan Pwogram Vil la 11
Plasman nan Pwogram Distri a 12
Demann pou fè eksepsyon onivo plasman 13
Lekòl ki gen kou G&T pou ane akademik 2014-2015 14
Mwayen Transpò 17

Dokiman siplemantè

Fòm Demann pou pran tès *Request for Testing* (RFT) pou pwogram *Gifted & Talented* (G&T)
Kesyon pou pratike jan pou w pran egzamen yo

Pou tradiksyon liv sa a, tanpri al sou sit wèb: nyc.gov/schools/GT

نرجو زيارة الموقع الإلكتروني أدناه للحصول على نسخة مترجمة من هذه الوثيقة.	이 문서의 번역본을 보시려면 아래 웹사이트를 방문하십시오.
এই নথির অনূদিত সংস্করণ পেতে হলে অনুগ্রহ করে নিচের ওয়েব সাইটে খোঁজ করুন।	С переводом этого документа на русский язык можно ознакомиться на указанном ниже вебсайте.
請到下面的網站查詢翻譯成您的母語的文件。	Por favor visite la página web que se encuentra debajo para obtener una versión traducida de este documento.
Tanpri, al sou sit wèb pi ba a pou w jwenn dokiman sa a tradwi an kreyòl ayisyen.	براہِ مہربانی اس دستاویز کی ترجمہ شدہ اشاعت کے لیے مندرجہ ذیل ویب سائٹ کا دورہ کریں۔

Powgram *Gifted & Talented* (G&T) nan NYC

Pwogram G&T yo se yonn nan mwayen NYCDOE sipòte bezwen elèv eksepsyonèl yo nan edikasyon. Pwogram G&T yo varye nan lekòl yo onivo estrateji ak materyèl pou anseye, men tout pwogram G&T ofri enstriksyon espesyalize, ki adapte avèk nòm ofisyèl *Common Core* pou aprantisaj *Common Core Learning Standards* (CCLS).

- Yo ofri **Pwogram G&T Distri yo** nan lekòl primè distri yo, epi yo bay elèv ki abite nan kominote lokal ke lekòl la sèvi priyorite. Pwogram G&T Distri yo kòmanse avèk *kindergarten* epi yo kontinye pou fini nan dènye *grade* lekòl la. Elèv nan pwogram G&T ki nan pwogram G&T Distri yo nan pwogram lan ansanm avèk elèv ki abite nan sektè lekòl la, kidonk ki gen dwa patisipe nan lekòl sa yo. Yo ofri elèv nan pwogram G&T Distri yo sèvis ansanm pou domèn espesyalizasyon y ap etidye a, men yo ka mete yo pran lòt kou avèk elèv ki pa nan pwogram lan (paegzanp pou Edikasyon fizik, Art).
- **Lekòl Vil la ki gen pwogram G&T** aksepte elèv tout borough, yo pa bay priyorite dapre distri yon elèv abite. Yo bay tout elèv nan lekòl sa yo plas dapre pwosesis aplikasyon ak plasman biwo santral la ; yo pa konsidere sektè, kidonk pa gen elèv ki plis otorize ale nan lekòl sa yo.

Tanpri tounen gade sit wèb ki gen pwogram G&T ak lekòl G&T Vil la pou plis enfòmasyon sou kourikoulòm, enstriksyon, ak metòd onivo pwogram edikasyon G&T.

Admisyon nan Pwogram G&T : Kòman pwosesis la fonksyone

Timoun ki abite nan Vil Nouyòk ki nan prematènèl (pre-k) rive klas 2yèm *grade* elijib pou patisipe nan pwosesis Admisyon nan pwogram G&T.

Tout fanmi elèv Vil Nouyòk ki enterese nan yon pwogram G&T depi kindergarten rive klas 3yèm *grade* pou Septanm 2015 sipoze li gid sa a pou enfòme yo sou etap ki obligatwa pou detèmine si yo elijib pou jwenn yon plas.

1. **Soumèt yon fòm pou mande pran egzamen *Request for Testing* (RFT)**
   Premye etap nan chèche yon plas nan G&T se fè demann pou pran tès la pou konnen si pitit ou elijib pou aplike. Fanmi enterese yo dwe soumèt yon fòm RFT yonn nan twa mwayen sa yo :
   - Sou entènèt
   - Fasafas nan lekòl NYCDOE pitit yo ye a (pou elèv lekòl leta sèlman)
   - Fasafas nan yon Biwo Enskripsyon *Enrollment Office* (pou elèv lekòl prive ak elèv *charter school*).

   Pou plis enfòmasyon sou RFT, tanpri gade paj 3.
2. **Prepare pou egzamen an epi pran l**
   Timoun ki gen fanmiy ki mande pou yo pran egzamen an gen pou pran toude egzamen alekri ak aloral pou detèmine si yo elijib pou aplike pou yon plas nan yon pwogram G&T. Tanpri li paj 6-8 pou plis detay sou egzamen yo itilize pou detèmine elijiblite, rekòmandasyon sou jan pou prepare pou yo, ak aranjman pou egzamen an pou elèv ki kalifye.
3. **Chèche konnen rezilta yo epi aplike pou yon plas (si genyen)**
   Lè yo fin bay tès la ak korije l, fanmi yo pral resevwa rapò nòt yo pou pitit yo. Elèv ki fè nòt ki nan nivo 90yèm *percentile* oswa plis nan egzamen G&T a elijib pou aplike pou yon plas nan pwogram G&T Distri. Elèv ki fè nòt ki nan nivo 97yèm *percentile* oswa plis nan egzamen G&T a elijib pou aplike pou yon plas ni nan pwogram G&T Distri a ni nan pwogram Vil la. Pou plis enfòmasyon sou koreksyon an, tanpri gade paj 8.

Si pitit ou a elijib pou aplike pou yon plas nan pwogram G&T, w ap resevwa yon aplikasyon ki gen opsyon pwogram G&T pitit ou a, ansanm avèk rapò nòt nan egzamen G&T a, ann Avril 2015. Sou aplikasyon an, w ap gen opòtinite pou chwazi pwogram G&T kote ou vle yo konsidere bay pitit ou yon plas. Aplikan ta dwe klase pwogram ki enterese yo nan lòd yo pi pito ; y ap konsidere elèv yo pou yon plas nan chak pwogram fanmiy yo site nan aplikasyon yo dapre kritè ki nan paj 11 jiska 13. Moun ka soumèt aplikasyon an sou entènèt oswa an pèsòn nan yon *Enrollment Office*. Pou plis enfòmasyon sou aplikasyon pou pwogram G&T, tanpri al gade paj 10.

4. Resevwa avi sou plasman

Tout aplikan ap resevwa yon lèt pou avize yo nan fen mwa Me 2015, kit yo ka ofri yo kit yo pa ka ofri yo yon plas lè sa a. Pou plis enfòmasyon sou plasman yo ofri, gade paj 11-13.

Elèv k ap antre nan Matènèl

Tout elèv k ap antre nan Matènèl an Septanm 2015 dwe soumèt yon aplikasyon pou patisipe tou nan pwosesis Admisyon pou Matènèl la. Fanmi ka soumèt yon aplikasyon pou Matènèl sou entènèt, an pèsòn nan yon *Enrollment Office*, oswa nan telefòn. Aplikan pou klas Matènèl yo ap resevwa yon lèt pou ofri yo yon plans nan Matènèl ki pa yon pwogram G&T, epi yo dwe fè fòmalite pou enskripsyon pou aksepte òf la pou rezève yon plas nan lekòl la pou Otòn lan. Pou plis enfòmasyon sou Admisyon nan Matènèl, al sou sit nyc.gov/schools/kindergarten.

Demann pou pran tès

Si w enterese fè pitit ou a pran egzamen pou pwogram G&T lekòl leta Vil Nouyòk, ou dwe ranpli yon fòm RFT epi soumèt li nan dat **Vandredi, 7 novanm 2014** pou pi ta nan yonn nan de fason sa yo :

1. **Sou entènèt :** Fòm RFT sou entènèt la disponib nan nyc.gov/schools/ChoicesEnrollment/applyonline.
   Si w aplike sou entènèt, w ap resevwa yon resi pa imèl ki konfime yo resevwa fòm RFT w la. Tanpri konsève resi a nan konpitè *a save* oswa enprime resi a pou dosye pa w. Si w pa gen yon konpitè lakay ou men ou vle ranpli yon fòm RFT sou entènèt, ou ka ale nan yon bibliyotèk piblik Vil Nouyòk. Pou jwenn yon bibliyotèk nan zòn ou abite a, telefone 311.
2. **Anpèsòn :** Si w pa kapab soumèt fòm lan sou entènèt, ou dwe ranpli fòm RFT ou jwenn nan Dokiman siplemantè manyèl sa a..
   - Fanmi ki gen timoun nan lekòl leta kounye a ki mande pou yo pran tès dwe soumèt fòm lan nan lekòl pitit yo a.
   - Fanmi elèv lekòl prive ak charter school soumèt fòm lan nan yon *Enrollment Office* nan katye yo (gade lis *Enrollment Office* la nan paj 4).

Tanpri sonje : Nou pa p aksepte fòm RFT ou voye pa lapòs.

Ou dwe soumèt yon fòm RFT pou chak timoun ki enskri pou pran egzamen G&T (sa vle di, si w vle enskri plizyè *sibling* pou pran egzamen G&T a, ou dwe soumèt yon fòm RFT apa pou chak timoun).

Adrès Biwo Enskripsyon

Enrollment Office yo ouvri Lendi-vandredi apati 8:00 AM – 3:00 PM.

Borough	Adrès
Bronx	1 Fordham Plaza, 7yèm etaj Bronx, NY 10458
	1230 Zerega Avenue Bronx, NY 10462
Brooklyn	1780 Ocean Avenue Brooklyn, NY 11230
	415 89th Street Brooklyn, NY 11209
	29 Fort Greene Place Brooklyn, NY 11217
	1665 St. Mark's Avenue Brooklyn, NY 11233
	131 Livingston Street Brooklyn, NY 11201

Borough	Adrès
Manhattan	333 Seventh Avenue, 12th Floor New York, NY 10001
	388 West 125th Street, 7th Floor New York, NY 10027
Queens	28-11 Queens Plaza North Long Island City, NY 11101
	30-48 Linden Place Flushing, NY 11354
	90-27 Sutphin Boulevard Jamaica, NY 11435
Staten Island	715 Ocean Terrace, Building A Staten Island, NY 10301

Si w soumèt fòm RFT a an pèsòn, fè sèten ou mande lekòl ou ale a oswa Enrollment Office kote ou soumèt fòm RFT a ba w yon resi, pou konfime ke w byen soumèt RFT a. Asire ou konsève resi w la ; si yo pa resevwa fòm RFT w la, w ap bezwen bay prèv ke w te soumèt li alè pou yo ka aksepte w nan pwosesis tès la.

Y ap bay elèv yo tès la sèlman si yo te soumèt yon fòm RFT nan delè 7 novanm 2014 la.

Pou plis enfòmasyon sou sèvis yo ofri nan Enrollment Office yo, tanpri telefone 718-935-2009.

RFT pou Elèv ki deja nan yon Pwogram G&T

Elèv ki deja nan yon pwogram G&T pa bezwen repran tès la pou rete nan pwogram G&T yo ye a. Men, si w se paran yon elèv ki nan yon pwogram G&T Distri, ou ka ranpli yon fòm RFT pou pitit ou ka repran tès la pou detèmine si l elijib pou aplike pou yon plas nan yon pwogram G&T Vil la. Si w mande pou elèv nan pwogram G&T a repran tès la pou pwogram G&T Vil la, epi elèv la pa kalifye pou yon plas nan pwogram G&T Vil la, nòt li pran pou tès li repran an pa gen enpak sou sitiyasyon elèv li nan pwogram G&T Distri li ye a ; epi elèv la ka rete nan pwogram sa a.

Elèv ki nan pwogram G&T Distri a pa elijib pou aplike pou lòt pwogram G&T Distri. Elèv ki nan pwogram G&T Vil la pa kalifye pou pran tès pou yon lòt plasman G&T.

Fanmi elèv k ap chèche transfere pitit yo dwe ranpli yon fòm Demann pou eksepsyon nan plasman *Placement Exception Request* (PER) jan l dekri nan paj 13.

Orè egzamen yo

Elèv lekòl leta Vil Nouyòk ki nan klas Matènèl-2yèm ane	8 Janvye- 6 Fevriye 2015
Elèv prematènèl ak timoun lekòl prive k ap viv nan Vil Nouyòk	10, 11, 17, 18, 24, 25, 31 janvye ak 1ye fevriye, 2015

Sonje : Lekòl fèmen nan Lendi, 19 janvye 2015 pou jounen Martin Luther King Jr, men ap gen egzamen nan Samdi, 17 janvye, Dimanch, 18 janvye pou elèv pre-k NYCDOE ak elèv lekòl prive ki abite nan Vil Nouyòk.

Avi sou Dat Tès la

Enskripsyon pou Elèv Matènèl jiska klas 2yèm *grade* : Paran elèv ki nan klas matènèl-2yèm *grade* nan yon lekòl leta Vil Nouyòk ap resevwa avi ki soti nan lekòl pitit yo ye konsènan dat egzak tès la. Lekòl timoun yo ye ap avize paran yo konsènan dat egzamen an omwen de jou lekòl anvan yo bay egzamen an. Chak lekòl primè detèmine pwòp orè egzamen yo fikse nan bout tan ki fikse pou egzamen an ke nou site pi wo a. Y ap bay tès la nan lekòl la, pandan jounen regilye lekòl la.

Pou fanmi elèv Prematènèl ak elèv lekòl prive : Tout tès pou elèv prematènèl ak elèv lekòl prive ap fèt nan yonn nan lekòl yo endike pou sa pandan wikenn. Y ap mande paran elèv prematènèl lekòl prive ki soumèt yon RFT sou entènèt chwazi dat ak adrès pou pitit yo pran egzamen an. Si w pa disponib nan okenn nan wikenn y ap bay tès la, tanpri ranpli aplikasyon a, epi chwazi RFT a, chwazi nenpòt nan dat nou site yo, epi kontakte *Office of Assessment* nan 212-374-6646 oswa ServiceCenter@Schools.nyc.gov.

Y ap enfòme fanmi timoun ki nan pre-k ak fanmi elèv lekòl prive konsènan kote, lè, ak adrès NYCDOE ap bay tès li fikse a. Si w pa resevwa avi konsènan egzamen pitit ou gen pou pran an nan mitan mwa Desanm, tanpri kontakte *Office of Assessment* nan 212-374-6646 oswa ServiceCenter@schools.nyc.gov.

- Si w soumèt fòm RFT a sou entènèt, y ap voye avize w pa imèl ak pa lapòs.
- Si w soumèt fòm RFT a anpèsòn, y ap voye avize w pa lapòs sèlman.

Lòt dat pou evalyasyon poutèt maladi

Enskripsyon pou Elèv Matènèl jiska klas 2yèm *grade* : Si pitit ou a malad dat y ap bay tès la, lekòl pitit ou ye a ap eseye fikse egzamen an pou yon lòt jou nan peryòd yo pwograme pou tès la. Se lekòl la k ap deside dat pou nouvo tès la, epi li posib pou yon elèv ki absan dat y ap bay tès la pran tès la nan jou li tounen lekòl la. Elèv absan ki retounen lekòl apre peryòd yo fikse pou bay tès la fin pase pa p pran tès la.

Pou elèv Prematènèl ak elèv lekòl prive : Si pitit ou a malad jou pou l pran tès la, NYCDOE ap kolabore avèk ou pou fikse yon dat pandan yon lòt wikenn. Tanpri sonje ke kapasite pou fikse yon lòt dat limite poutèt kantite elèv ki pou pran egzamen an.

Pou fikse yon lòt dat poutèt rezon maladi, tanpri itilize adrès imèl nou mete nan lèt nou voye ba w pou randevou nou fikse a pou voye yon imèl ba biwo ki òganize tès la. Si w pa gen imèl, tanpri telefone *Office of Assessment* nan 212-374-6646 nan Lendi ki vini apre dat egzamen an epi bay operatè a non kote pitit ou a te gen pou pran egzamen an ansanm avèk enfòmasyon sou moun pou kontakte ki nan lèt nou te voye ba w pou randevou nou te fikse a. Si gen posiblite pou fikse yon lòt dat, koòdonatè lokal kote pitit ou a te sipoze pran tès la ap kontakte w pou fè aranjman pou yon nouvo dat pou pran egzamen an.

Evalyasyon yo

NYCDOE itilize de evalyasyon pou detèmine si yon timoun elijib pou aplike pou yon pwogram G&T : kesyon alekri ki nan tès *Naglieri Nonverbal Ability Test* (NNAT) ak kesyon aloral ki nan *Otis-Lennon School Ability Test* (OLSAT). Evalyasyon timoun yo nan domèn ekri ak oral bay yon ide rezonab sou kapasite entelektyèl chak timoun. Se pwofesè sètifye Eta Nouyòk ki resevwa trening pou bay tès la k ap bay egzamen yo. Y ap bay evalyasyon ekri an premye, apre y ap bay evalyasyon oral la.

Ou ka jwenn kesyon pratik yo nan do manyèl sa a pou ede fanmiy yo konprann tip kesyon pitit yo ka rankontre nan tès la, epitou kòm yon mwayen pou prepare elèv yo pou yo ka gen eksperyans nan pran tès la. Yo prezante tout kesyon yo avèk yon lis plizyè repons pou elèv chwazi repons ki kòrèk la.

Evalyasyon alekri (NNT)

Evalyasyon alekri fèt pou evalye kapasite elèv pou rezone ak pou rezoud pwoblèm jeneral san yo pa bezwen pale. Yo mete nan evalyasyon an aktivite tankou konplete seri chif oswa objè ki an sekans, òganize an gwoup, ak konekte ide paske yo pwouve ke yo se zouti valab pou evalye kapasite elèv pou rezoud pwoblèm, kèlkeswa lang natifnatal li, kondisyon sosyoekonomik li, kilti li, oswa eksperyans akademik li te fè anvan.

Y ap teste elèv sou kapasite yo pou rezoud pwoblèm ak pou pwouve yo konprann sa yo rele rapò.

Gen kat tip kesyon ki pa vèbal nan tès la : Fason pou konplete yon seri chif oswa objè nan estrikti yon modèl, Rezònman dapre resanblans, Rezònman dapre seri, ak Vizyalizasyon espasyal.

Pati tès oral la	**Fason pou konplete modèl la**	Li evalye kapasite pou imajine diferan eleman nan estrikti modèl la ak idantifye pòsyon kòrèk ki manke yo
	Rezònman dapre analoji	Li mezire kapasite pou rekonèt rapò ant fòm jewometrik
	Rezònman dapre seri	Li mezire kapasite pou rekonèt sekans pami plizyè fòm
	Vizyalizasyon espasyal	Mezire kapasite pou rekonèt kòman de oswa plis bagay sanble si yo gwoupe yo

Evalyasyon oral (OLSAT)

Evalyasyon oral G&T a fèt pou mezire kapasite rezònman vèbal, ak kapasite pou konprann ki pi gen rapò ak akonplisman eskolè. Yo mete nan evalyasyon an aktivite tankou detekte resanblans ak diferans, sonje mo ak nonb, defini mo, egzekite lòd, klase, etabli suit, rezoud pwoblèm aritmetik ak fè analoji paske yo pwouve ke yo se zouti valab pou mezire lojik yon moun ak kapasite l pou rezone.

Yo mezire tou kapasite timoun yo pou panse (panse ak rezònman abstrè), ki pèmèt konprann potansyèl ak feblès timoun yo pou fè divès aktivite rezònman.

Y ap teste timoun nan de kategori oral pwogram edikatif la Konpreyansyon vèbal ak Rezònman vèbal

Vèbal	**Konpreyansyon vèbal**	Li mezire kapasite timoun pou itilize enfòmasyon oswa bay repons sou enfòmasyon lè l tande sa yo di l, paegzanp lè l egzekite lòd yo bay li
	Rezònman vèbal	Li mezire kapasite pou dekouvri modèl oswa rapò epi pou rezoud pwoblèm lè l itilize langaj tankou rezònman oditif ak rezònman aritmetik

Evalyasyon nan lòt lang ki pa angle

Yo fè evalyasyon nan lòt lang pou elèv lekòl leta ki nan klas matènèl-2yèm ane ke yo idantifye kòm elèv k ap aprann lang anglè *English Language Learners* (ELLs). Tout elèv pre-k ak elèv ki pa nan lekòl leta elijib pou pran tès la nan lòt lang. Paran elèv ki mande pou elèv la pran tès la nan lòt lang dwe mete enfòmasyon sa a sou fòm RFT. Paran elèv pre-k ak elèv lekòl leta ki ka mande pou elèv la pran tès la nan yon lòt lang dwe konsidere seryezman nan ki lang pitit yo pi alèz epi ka endike kapasite li yo.

Evalyasyon G&T yo disponib nan lang arab, bengali, chinwa (kantonè ak mandarin), fransè, kreyòl ayisyen, koreyen, ris, panyòl ak oudou. Depi elèv fin chwazi yon lang pou evalyasyon G&T a, yo pa pèmèt yo chanje lang pandan y ap pran tès la, epi paran yo pa ka mande pou elèv la repran tès la ann anglè.

Aranjman pou egzamen

Paran elèv ki gen yon Plan edikasyon endividyèl *Individualized Education Programs* (IEP) oswa ki gen Plan 504 pou aranjman ki presize aranjman pou egzamen ka elijib pou benefisye kèk aranjman pou evalyasyon G&T a. Si yon elèv ki gen yon IEP oswa Plan 504 mande lòt aranjman ki pa nan lis aranjman yo deja genyen, fanmi li dwe kontakte *Office of Assessment* nan 212-374-6646 oswa ServiceCenter@schools.nyc.gov.

Yo endike aranjman pou egzamen yo plis mande yo sou fòm RFT a, epi yo site yo pi ba a :

- Materyèl enprime ak gwo lèt pou elèv ki gen pwoblèm pou wè ;
- Ti aparèy *Frequency Modulation* (FM) pou elèv ki gen pwoblèm pou tande ;
- *Scribe* pou elèv ki gen twoub pou koòdone mouvman ant misk kò yo ak sèvo yo ;
- Lokal apa ak/oswa pou ezgamen an fèt pou gen nan sal la yon (1) sipèvizè ak yon (1) elèv ; epi,
- Fòm pou itilize yon lòt lang pou egzamen an pou ELL oswa elèv ki bileng.

Yo te mete anplas règleman sou aranjman pou tès pou egzamen G&T pou adapte yo avèk règleman ak direktiv Eta Nouyòk. Tanpri sonje, yo pa ofri kèk aranjman pou egzamen nan tès G&T a swa poutèt yo pa nesesè swa poutèt yo chanje sa tès ka evalye. Tanpri gade pi ba a aranjman pou egzaemen yo pa ofri :

- *Tan anplis :* Yo pa detèmine yon kantite tan pou pran toude evalyasyon yo, sa ki fè demann pou tan anplis la pa nesesè. Tout timoun travay dapre pwòp vitès yo, toutotan yo travay seryezman pou fin pran egzamen an.
- Li plis fwa kesyon ak entriksyon pou pran tès la pase kantite tan estanda pou sa : aranjman sa a kreye yon pwoblèm pou evalye kapasite pou tande ak konprann lang lan ke egzamen oral la ap chèche evalye. Chak timoun ki pran OLSAT tande kesyon an sèlman yon fwa. Aranjman sa a pa nesesè for NNAT etandone egzamen an fèt alekri.
- Eksplikasyon kesyon egzamen yo oswa entriksyon pou pran egzamen an : yo pa ofri aranjman sa a etandone yo pa pèmèt moun k ap jere sesyon egzamen an chanje okenn pati nan kesyon egzamen oswa enstriksyon yo prepare alavans. Sa garanti pwosedi pou jere egzamen an rete menm jan pou tout elèv.

Si IEP oswa Plan 504 pitit ou a espesifye tout lòt aranjman pou tès ke yo pèmèt ki pa site sou RFT a, ou dwe kontakte *Office of Assessment* nan 212-374-6646 oswa ServiceCenter@schools.nyc.gov pou yo ka ofri aranjman yo.

Preparasyon pou evalyasyon yo

Gen plizyè bagay fanmi ka fè pou ede pitit yo prepare yo pou egzamen G&T a. Timoun yo dwe byen dòmi ak manje yon repa nourisan anvan yo pran tès la. Fanmi ka ede kalme tèt pitit yo tou osijè tès la pou diminye enkyetid yo. Yo dwe ankouraje timoun yo fè tout sa yo kapab lè y ap pran tès la, men yo dwe fè yo sonje tou ke yo pa oblije konnen repons pou tout kesyon yo.

Avan timoun lan pran tès la anreyalite, fanmi dwe revize materyèl evalyasyon yo bay yo kòm modèl pou pratike. Fanmi yo dwe li ak revize enfòmasyon yo resevwa sou egzamen an ak fason yo bay egzamen an. Byenke yo bay yo yon modèl tès, li fèt sèlman pou yo itilize l pou timoun yo ka abitye yo avèk eksperyans tès la, egzanp kesyon nan egzamen an, ak estrikti egzamen an. Pandan egzamen an, timoun yo ap gen pou tande chak kesyon nan evalyasyon oral la sèlman yon fwa. Timoun ki fèt an 2010 pa sipoze nwasi ti boul akote kesyon yo pou mete repons yo ; timoun yo ap gen pou montre moun k ap jere sesyon egzamen an repons yo pou l note repons timoun yo bay.

Si, dapre moun k ap bay tès la, direktè a, oswa sipèvizè lokal egzamen an, yon elèv te deja wè tès la oswa si gen yon lòt moun ki ede l pandan tès la, direktè a oswa sipèvizè lokal egzamen an dwe suiv pwosedi disiplin NYCDOE pou elèv k ap pran poul epi dwe anile egzamen elèv la. Yo pa ka soumèt egzamen yo anile a pou koreksyon.

Presizyon ak Validite Evalyasyon

Toude egzamen OLSAT ak NNAT se evalyasyon kòrèk ak valab kapasite elèv. Kòrèk vle di presizyon nòt ak validite egzamen an endike nan ki pwen egzamen an evalye aktyèlman ladrès ak kapasite li sipoze evalye.

Yo analize ak evalye chak kesyon tès Evalyasyon oral ak Evalyasyon ekri a onivo estatistik pou detèmine difikilte l, presizyon l, validite l, akomodasyon l, ak efikasite l pou chak gwoup laj. Se edikatè, evalyatè ak sikològ ki evalye seryezman tout kesyon yo pou garanti egzamen an bonjan kalite epi sanpatipri anvè tout sougwoup, paegzanp sougwoup ki reprezante dapre sèks yo ak etnisite/ras yo. Yo revize kesyon yo tou pou wè si yo klè, si sijè kesyon yo apwopriye, presizyon kesyon kòrèk yo, vrèsanblans chwa repons yo ak vokabilè apwopriye.

Pwosesis apèl pou bay tès la

Si w vle rapòte yon pwoblèm ki gen pou wè ak bagay ki pase lè yo t ap bay egzamen an, ou dwe rapòte l alekri nan 48èdtan apre yo bay tès la. Ou dwe voye yon imèl pou rapòte enkyetid ou nan *Office of Assessment* : ServiceCenter@schools.nyc.gov oswa yon lèt nan adrès : Office of Assessment, G&T Test Administration, 52 Chambers Street, Room 309, New York, NY 10007. Ou ka poze *Office of Assessment* kesyon konsènan evalyasyon yo nan 212-374-6646.

Koreksyon tès la

Elijiblite elèv yo ap baze sou pèfòmmans yo nan toude evalyasyon G&T a (oral ak ekri). Chak elèv ap resevwa yon klasman *percentile* jeneral ke yo kalkile ak plizyè pwosesis :

- Kalkile nòt total *raw scores* pou chak evalyasyon ;
- Detèmine klasman *percentile* pou chak evalyasyon, dapre laj ak kritè nasyonal yo ;
- Konvèti klasman *percentile* pou chak evalyasyon pou mete yo sou menm echèl ; epi
- Mete ansanm klasman *percentile* ou konvèti yo pou bay klasman *percentile* total G&T a.

A *raw score* se kantite total kesyon elèv la byen reponn nan chak evalyasyon. Pi gwo posiblite *raw score* pou egzamen oral la se 30 (30 kesyon sou 30). Pi gwo posiblite *raw score* pou egzamen ekri a se 48 (48 kesyon sou 48).

Percentile ranks se kantite ant 1 ak 99 ki reprezante jan yon elèv te travay nan chak egzamen, lè yo konpare l ak travay kamarad ki gen menm laj avèk li. Yo kalkile klasman Percentile *Percentile ranks* pou chak tès dapre *raw scores* elèv yo ak laj yo te genyen lè yo te pran egzamen an. Rapò nòt yo pral endike yon klasman percentile *percentile rank* pou tès oral la ak yon *percentile rank* pou egzamen ekri a, anplis *percentile rank* total G&T a.

Evalyasyon oral ak ekri yo se diferan egzamen, epi echèl yo itilize pou korije kesyon yo pa menm tou. Pou yo mete ansanm nòt tès oral la ak tès ekri a, yo konvèti *percentile ranks* pou chak tès pou yo ka sou menm echèl. Klasman percentile *percentile rank* chak tès yo konvèti kontribye egalego (50/50) *percentile* total G&T a. *Percentile jeneral rank G&T* sa a detèmine si yon elèv elijib pou aplike nan pwogram G&T yo.

Chema 1 an se yon egzanp pwosesis koreksyon an.



Figure 1

Lè pou genyen rezilta w yo

Apre yo fin bay tès la, fanmi yo ap resevwa rapò nòt pitit yo pa lapòs ak pa imèl, si l te soumèt fòm RFT a sou entènèt. Fanmi ki te soumèt yon fòm RFT anpèsòn ap resevwa rapò nòt pitit yo pa lapòs sèlman. Li enpòtan anpil pou fanmi yo bay adrès aktyèl yo ak jan pou yo kontakte yo pou yo pa resevwa rapò nòt yo anreta.

Tout elèv ki te pran egzamen G&T a ap resevwa yon rapò nòt. Se sèl elèv ki fè nòt nan nivo 90yèm *percentile* la oswa plis k ap resevwa yon aplikasyon pou yon plas nan pwogram G&T.

Chanjman adrès

Si adrès ou chanje lè w fin soumèt fòm RTF a, tanpri mete enfòmasyon sou adrès kay ou a ajou touswit :

- Si pitit ou a nan yon lekòl leta Vil Nouyòk kounye a, asire w lekòl pitit ou ye a mete nouvèl adrès ou a ajou.
- Si pitit ou a **pa** nan yon lekòl leta Vil Nouyòk epi ou te soumèt yon aplikasyon RFT sou entènèt, ou ka mete enfòmasyon w ajou sou entènèt.
- Si pitit ou a **pa** nan yon lekòl leta Vil Nouyòk kounye a epi ou te soumèt RFT a anpèsòn, tanpri rele nan (718) -935-2009 pou fè mete enfòmasyon w yo ajou nan bazdone a.

Fason pou detèmine elijiblite

Elijiblite pou pwogram G&T Distri

1. Pitit ou a dwe fè nòt nan nivo 90yèm *percentile* la oswa plis.
2. Pitit ou a dwe abite nan Vil Nouyòk lè li soumèt RFT a ak lè admisyon an.

Elijiblite pou pwogram G&T Vil la

1. Pitit ou a dwe fè nòt nan nivo 97yèm *percentile* oswa plis.
2. Pitit ou a dwe abite nan Vil Nouyòk lè li soumèt RFT a ak lè admisyon an.

Elèv ki fè nòt nivo 97yèm *percentile* la oswa plis kalifye pou pwogram G&T Vil yo ak pou pwogram G&T Distri anmenm tan. Pwogram G&T Vil la ofri elèv ki elijib nan tout senk *borough* yo sèvis san bay okenn elèv ki abite nan yon distri patikilye priyorite.

Fason pou ranpli aplikasyon an

Si pitit ou a elijib pou aplike pou yon plas nan pwogram G&T, w ap resevwa yon aplikasyon ki gen yon lis opsyon pwogram G&T ansanm avèk rapò nòt li fè a, debi Avril 2015.

Y ap ofri plas sèlman dapre kritè pou jwenn yon plas ki dekri nan paj 11-13. Tout aplikan dwe klase pwogram ki enterese yo nan lòd yo pito yo. Si yo ka ofri yon elèv yon plas nan plis pase yon pwogram ke fanmiy yo te aplike, y ap ofri elèv la pwogram li te klase pi wo nan aplikasyon l lan.

Pandan w ap konsidere lekòl pou mete nan aplikasyon w lan, pa bliye konsidere kote lekòl yo ye parapò ak kote w abite. Fanmi yo dwe vizite chak lekòl yo mete nan aplikasyon an—non sèlman pou yo gen yon lide sou kominote lekòl la, men tou pou yo ka wè trajè pitit yo ap gen pou fè.

Elèv matènèl, 1ye ak 2yèm *grade* ki pran tès la epi ki kalifye pou aplike pou pwogram G&T dwe aplike sèlman pou pwogram sa yo renmen plis pase pwogram yo ye a.

Aplikan ki gen frè/sè *siblings* nan lekòl la

Aplikan ki gen siblings nan yon lekòl y ap aplike dwe bay enfòmasyon aktyèl sou *sibling* yo (lè y ap soumèt aplikasyon an) nan seksyon ki make "*Siblings*" nan aplikasyon an. Pa site yon lekòl kote frè/sè a ap aplike kòm lekòl frè/sè a ye kounye a. Pou aplikan an gen priyorite poutèt *sibling*, *sibling* lan dwe deja enskri nan lekòl la oswa deja nan lekòl la lè l ap soumèt aplikasyon an, epi li dwe ap antre nan klas Kindergarten - 5yèm *grade* an Septanm 2015.

Fanmiy aplikan ki gen *sibling* k ap aplike anmenm tan dwe soumèt yon aplikasyon apa pou chak timoun. Paegzanp, yon fanmi ki gen jimo k ap aplike anmenm tan pou yon plas nan pwogram G&T dwe soumèt yon aplikasyon apa pou chak timoun.

Òf plas

Yo ofri plas nan pwogram G&T dapre priyorite sa yo :

- priyorite poutèt *sibling* ;
- nòt tès (*percentile rank*) ;
- distri kote w abite *zoned* pou lekòl primè ("*zoned district*").

Y ap gade jan w klase chwa w yo sou aplikasyon an sèlman si yo ka ofri pitit ou a yon plas nan plis pase yon pwogram dapre kritè pi wo a. Nan ka sa yo, pitit ou a ap resevwa yon òf sèlman pou pwogram ou te klase pi wo sou aplikasyon an.

Y ap mete elèv yo nan lekòl ki deklare yo gen plas disponib epi pa gen garanti yon elèv ap resevwa yon òf pou yon plas nan yon pwogram G&T, kèlkeswa nòt li fè nan egzamen G&T. Kantite elèv ki elijib anjeneral ap depase kantite plas ki disponib nan pwogram sa yo.

Priyorite pou *sibling*

Y ap bay yon aplikan priyorite poutèt *sibling* li gen nan lekòl la sèlsi *sibling* lan te deja fè fòmalite pou enskripsyon oswa li te deja nan lekòl la lè aplikan an soumèt aplikasyon an, epi si l ap nan klas Matènèl jiska 5yèm *grade* an Septanm 2015. Lekòl yo dwe verifye kondisyon *sibling* yo avan yo bay yo plas.

Si premye priyorite w se pou pitit ou a ale nan pwogram G&T ki nan lekòl *sibling* li a, nou ankouraje w mete lekòl *sibling* lan kòm premye lekòl ou chwazi. Si w klase yon lòt pwogram G&T kòm premye pwogram ou chwazi olye lekòl *sibling* lan, olyedsa yo ka bay pitit ou a yon plas nan lekòl sa a.

Plasman nan Pwogram Vil la

Pwogram G&T Vil la aksepte elèv tout *borough* yo, san konsidere distri kote yo abite. Pwogram sa yo se modèl pwogram ki nan tout lekòl ki aplike kourikoulòm ak metòd ansèyman G&T pou tout elèv nan lekòl la.

Pou pwogram G&T Vil la, *sibling* ki fè nòt ki nan nivo 97yèm *percentile* oswa plis ap jwenn yon plas anpremye, dapre *percentile rank*. Lè yo fin bay tout *sibling* ki elijib yon plas, n ap bay aplikan ki pa gen *sibling* nan lekòl la plas dapre klasman percentile *percentile rank*. Chema 2 a se yon egzanp metòd yo itilize pou bay plas nan pwogram G&T Vil la.



Figure 2

Nan tout ka kote gen plizyè elèv ki gen menm priyorite ak menm nòt, y ap fè yon tirajosò pou bay plas.

Plasman nan Pwogram Distri

Pwogram G&T Distri G&T nan lekòl kominotè lokal yo aplike kourikoulòm, metòd ansèyman G&T ak sipò pou timoun ki gen pwoblèm onivo devlòpman nan chak klas anpatikilye.

Sibling ki fè nòt ki nan nivo 90yèm *percentile* oswa plis ap jwenn yon plas anpremye, dapre *percentile rank*. Lè yo fin bay tout *sibling* ki elijib yon plas, n ap bay aplikan ki pa gen *sibling* nan lekòl la plas dapre klasman percentile *percentile rank*. Fanmi elèv yo ka aplike nan nenpòt pwogram nan nenpòt distri nan Vil la, men y ap bay aplikan ki gen priyorite dapre distri a plas anpremye.

Nan tout ka kote gen plizyè elèv ki gen menm priyorite ak menm nòt, y ap fè yon tirajosò pou bay plas. Tanpri gade chema 3 pi ba a.

Chak aplikan ki elijib pou yon plas ap gen priyorite pou yonn oswa plizyè pwogram distri dapre distri ki nan sektè li abite pou lekòl primè. Anjeneral, fanmi yo ap gen priyorite sèlman pou pwogram Distri ki nan distri pou sektè yo abite a. Men, kèk fwwa, paegzanp lè yon distri pa ofri yon pwogram, NYCDOE ap bay aplikan priyorite pou yonn oswa plizyè chwa pwogram nan distri ki nan vwazinaj li. NYCDOE ka ouvri oswa chanje pwogram ane apre ane pou fasilite elèv. Lis final opsyon pwogram pou ane akademik 2015-2016 la ap disponib pou elèv ki elijib yo ansanm ak aplikasyon an.

Timoun ki abite nan sektè yon lekòl ki gen pwogram G&T oswa ki nan yonn pa gen plis priyorite pou plas nan lekòl sa a pase lòt elèv nan distri a. Pwogram G&T distri yo fèt pou sèvi elèv nan diistri a epi tout elèv elijib jwenn yon plas dapre kritè yo dekri pi wo a : Priyorite pou *sibling*, nòt egzamen (*percentile rank*) ak distri *zoned*.

Figure 3

Plasman dapre nivo klas

Dat yon timoun fèt detèmine nan klas yo mete l pou timoun ki fèt an 2009 ak 2010. Elèv ki fèt an 2010 elijib pou plas nan matènèl sèlman. Elèv ki fèt an 2009 elijib pou plas nan klas 1ye *grade* sèlman.

Elèv k ap aplike nan klas 2yèm ak 3yèm *grade* ap jwenn plas dapre nivo klas li ye nan moman an, kèlkeswa ane li fèt.

Nòt nan nivo 99yèm *Percentile*

Pwogram G&T ke fanmiy plis konsidere yo pran anpremye timoun ki fè nòt ki nan 99yèm *percentile anvan* yo ka bay elèv ki fè nòt ki nan 97yèm *percentile* yon plas. Gen kèk pwogram anpil moun konsidere epi yo pa garanti plas menm pou elèv ki fè nòt nan 99yèm *percentile*.

Siblings k ap aplike ansanm

Si gen *sibling* k ap aplike nan klas diferan an menm tan, yo egzije yon aplikasyon apa pou chak *sibling* epi y ap y ap konsidere chak *sibling* kòm yon aplikan apa.

Y ap mete jimo ak lòt tip marasa ansanm s*i chak timoun elijib pou pwogram lan*. Paegzanp, jimo ki fè pi gwo nòt nan evalyasyon an ap jwenn plas dapre pwosesis ki detaye nan paj 11-12. Toutotan jimo ki fè pi piti nòt nan egzamen an elijib pou yon plas nan menm pwogram lan, y ap ba yo plas ansanm nan menm pwogram lan.

Òf plas elèv ki pa vini

Nan kèk sitiyasyon, pwogram G&T yo ka vin gen kèk plas disponib poutèt elèv ki pa vini. Aplikan yo ap elijib pou plas nan nenpòt pwogram yo te klase pi wo pase pwogram yo te resevwa yon òf (oswa pou tout pwogram yo aplike si yo pa deja fè yo yon òf). Yo bay plas dapre menm kritè yo bay pou plas avan yo (priyorite pou *sibling*, nòt tès (*percentile rank*), ak distri *zoned*). Fanmi elèv pa bezwen fè anyen pou yo konsidere yo ; NYCDOE ap kontakte fanmi yo sèlman si yo ka fè yon òf poutèt vin gen yon plas disponib. Fanmi pa bezwen fè anyen pou yo gen plis chans jwenn plas yon elèv ki pa vini.

Demann pou fè eksepsyon pou plasman (PER)

Sibling

Si yo ofri pitit ou yo plas nan diferan pwogram G&T, ou ka mande pou yo ale nan menm lekòl si w ranpli yon PER nan biwo enskripsyon *Enrollment Office* bò lakay ou a (nou mete l nan paj 4). Y ap mete nan pwosesis revizyon pou PER yo enfòmasyon sou nòt pitit ou, epi nan kèk ka, plasman nan yon klas Edikasyon jeneral pou yonn nan frè/sè yo ka se sèl opsyon ou genyen.

Si yon ti frè oswa yon ti sè yon elèv pa resevwa yon òf pou pwogram G&T gran frè/gran sè l ye a, ou ka ranpli yon PER pou ti frè/ti sè a pou ale nan yon pwogram Edikasyon jeneral yo ofri nan menm lekòl la.

Pou elèv ki nan pwogram G&T

Fanmi ki gen pitit nan yon pwogram G&T deja ka mande yon transfè nan yon lòt pwogram G&T atravè pwosesis PER nou dekri pi wo a. N ap bay fanmi ki endike yo gen yon pwoblèm yo ka pwouve ak yon dokiman (paegzanp *sibling* nan lekòl la, sekirite, oswa pwoblèm sante) epi fanmi sa yo ki al abite nan yon nouvo distri (epi ki ka pwouve nouvo adrès la).

Lis lekòl ki gen klas G&T pou ane 2014-2015

Men yon lis lekòl ki gen pwogram G&T pou ane lekòl 2014-2015. X la vle di gen yon pwogram G&T nan lekòl la pou klas yo endike an 2014-2015 la. Tanpri sonje se pa tout ki gen pwogram G&T an 2014-2015 k ap gen pwogram G&T ane apre a (2015-1016), epi kèk lekòl ki pa sou lis la ka kòmanse nouvo klas G&T an 2015-2016. Y ap mete yon lis pwogram konplè ki disponib nan aplikasyon G&T pitit ou a.

Borough	Distri	DBN	Non lekòl la	Matènèl	1ye	2yèm ane	3yèm ane
Manhattan	1	01M015	P.S. 015 Roberto Clemente	X	X		
		01M110	P.S. 110 Florence Nightingale	X	X	X	X
		01M539*	New Explorations into Science, Technology and Math High School	X	X	X	X
	2	02M011	P.S. 011 William T. Harris	X	X	X	X
		02M033	P.S. 033 Chelsea Prep	X	X	X	X
		02M077	P.S. 77 Lower Lab School	X	X	X	X
		02M111	P.S. 111 Adolph S. Ochs	X	X	X	
		02M124	P.S. 124 Yung Wing	X	X	X	X
		02M130	P.S. 130 Hernando De Soto	X	X	X	X
		02M198	P.S. 198 Isador E. Ida Straus	X	X	X	X
		02M217	P.S./I.S. 217 Roosevelt Island	X	X	X	X
	3	03M163	P.S. 163 Alfred E. Smith	X	X	X	X
		03M165	P.S. 165 Robert E. Simon	X	X	X	X
		03M166	P.S. 166 The Richard Rodgers School of The Arts and Technology	X	X	X	X
		03M334*	The Anderson School	X	X	X	X
	4	04M012*	Tag Young Scholars	X	X	X	X
		04M102	P.S. 102 Jacques Cartier	X	X	X	X
	5	05M129	P.S. 129 John H. Finley	X	X	X	X
	6	06M153	P.S. 153 Adam Clayton Powell	X	X	X	X
Bronx	8	08X182	P.S. 182	X	X	X	X
	9	09X199	P.S. 199X - The Shakespeare School	X			
		09X204	P.S. 204 Morris Heights		X	X	
	10	10X007	P.S. 007 Kingsbridge	X	X	X	X
		10X024	P.S. 024 Spuyten Duyvil	X	X	X	X
	11	11X121	P.S. 121 Throop	X	X	X	X
		11X153	P.S. 153 Hellen Keller	X	X	X	X
Brooklyn	13	13K003	P.S. 003 The Bedford Village				X
		13K009	P.S. 009 Teunis G. Bergen	X	X	X	X
		13K056	P.S. 056 Lewis H. Latimer	X			
		13K282	P.S. 282 Park Slope	X	X	X	X
	14	14K132	P.S. 132 The Conselyea School	X	X	X	X
	15	15K032	P.S. 032 Samuel Mills Sprole	X	X	X	X
		15K038	P.S. 038 The Pacific	X	X	X	X
		15K230	P.S. 230 Doris L. Cohen	X	X	X	X
	17	17K161	P.S. 161 The Crown			X	X

* vle di pwogram G&T Vil la

Borough	Distri	DBN	Non lekòl la	Matènèl	1ye	2yèm ane	3yèm ane
		17K316	P.S. 316 Elijah Stroud	X	X		
Brooklyn	18	18K115	P.S. 115 Daniel Mucatel School	X	X	X	X
	19	19K149	P.S. 149 Danny Kaye	X	X		
		19K677	East New York Elementary School of Excellence			X	X
	20	20K102	P.S. 102 The Bayview	X	X	X	X
		20K104	P.S./I.S. 104 The Fort Hamilton School	X	X	X	X
		20K164	P.S. 164 Caesar Rodney	X	X	X	
		20K176	P.S. 176 Ovington			X	X
		20K200	P.S. 200 Benson School	X	X	X	X
		20K204	P.S. 204 Vince Lombardi	X	X	X	X
		20K205	P.S. 205 Clarion	X	X	X	X
		20K229	P.S. 229 Dyker	X	X	X	X
		20K686*	Brooklyn School of Inquiry	X	X	X	X
		20K748	P.S. 748 Brooklyn School for Global Scholars		X	X	X
	21	21K095	P.S. 095 The Gravesend	X	X	X	X
		21K099	P.S. 099 Isaac Asimov	X	X	X	X
		21K215	P.S. 215 Morris H. Weiss	X	X	X	X
	22	22K052	P.S. 052 Sheepshead Bay	X	X	X	X
		22K109	P.S. 109		X	X	X
		22K193	P.S. 193 Gil Hodges	X	X	X	X
		22K195	P.S. 195 Manhattan Beach	X	X	X	X
		22K197	P.S. 197 - The Kings Highway Academy	X			
		22K236	P.S. 236 Mill Basin	X	X	X	X
Queens	24	24Q016	P.S. Q016 The Nancy DeBenedittis School				X
		24Q068	P.S. 068 Cambridge		X	X	
		24Q119	I.S. 119 The Glendale	X	X	X	
		24Q153	P.S. 153 Maspeth Elem	X	X	X	X
		24Q229	P.S. 229 Emanuel Kaplan	X	X	X	X
		24Q290	A.C.E. Academy for Scholars at the Geraldine Ferraro Campus	X	X	X	X
		24Q330	P.S. 330	X	X	X	
	25	25Q021	P.S. 021 Edward Hart	X	X	X	X
		25Q032	P.S. 032 State Street	X	X	X	X
		25Q079	P.S. 079 Francis Lewis	X	X	X	X
		25Q165	P.S. 165 Edith K. Bergtraum	X	X	X	X
		25Q193	P.S. 193 Alfred J. Kennedy		X	X	
		25Q209	P.S. 209 Clearview Gardens	X			X
		25Q214	P.S. 214 Cadwallader Colden	X	X	X	
	26	26Q018	P.S. 018 Winchester	X	X	X	X
		26Q115	P.S. 115 Glen Oaks	X	X	X	X
		26Q133	P.S. 133 Queens	X			
		26Q188	P.S. 188 Kingsbury	X	X	X	X
		26Q203	P.S. 203 Oakland Gardens	X	X	X	X

* vle di pwogram G&T Vil la

Borough	Distri	DBN	Non lekòl la	Matènèl	1ye	2yèm ane	3yèm ane
	27	27Q108	P.S. 108 Captain Vincent G. Fowler	X	X	X	X
		27Q232	P.S. 232 Lindenwood			X	X
Queens	28	28Q121	P.S. 121 Queens	X	X	X	
		28Q144	P.S. 144 Col Jeromus Remsen	X	X	X	X
		28Q174	P.S. 174 William Sidney Mount	X	X	X	X
		28Q220	P.S. 220 Edward Mandel	X	X	X	X
	29	29Q176	P.S. 176 Cambria Heights	X	X	X	X
	30	30Q085*	P.S. 085 Judge Charles Vallone	X	X	X	X
		30Q122	P.S. 122 Mamie Fay	X	X	X	X
		30Q150	P.S. 150 Queens	X	X	X	X
		30Q166	P.S. 166 Henry Gradstein	X	X	X	X
		30Q300*	The 30th Avenue School (G&T Vil la)	X	X		
Staten Island	31	31R003	P.S. 003 The Margaret Gioiosa School	X	X	X	X
		31R008	P.S. 8 Shirlee Solomon	X	X	X	
		31R029	P.S. 029 Bardwell			X	X
		31R042	P.S. 042 Eltingville	X			
		31R050	P.S. 050 Frank Hankinson	X	X	X	X
		31R053	P.S. 053 Bay Terrace	X	X	X	
		31R060	P.S. 060 Alice Austen	X	X		
		31R069	P.S. 069 Daniel D. Tompkins		X	X	X
Brooklyn	32	32K376	P.S. 376	X	X	X	X

* vle di pwogram G&T Vil la aktyèlman

Frè transpò

Plasman nan yon pwogram G&T pa garanti sèvis otobis lekòl. Mwayen transpò pou pwogram G&T suiv menm règ ak pwogram Edikasyon jeneral. Anpatikilye, si pwogram pitit ou ye a nan yon distri ki pa distri ou abite a, p ap gen mwayen transpò otobis lekòl adispozisyon w, men NYCDOE ap bay pitit ou a yon MetroCard. Si pwogram pitit ou ye a nan distri kote l ap viv la, NYCDOE ap itilize tablo ki pi ba a pou detèmine si pitit ou a ap jwenn transpò gratis.

Nivo klas	Distans apye ant kay timoun lan ak lekòl la		
	Mwens pase ½ mile	½ mile oswa plis, men mwens pase 1 mile	1 mile oswa plis
Matènèl-2yèm *grade*	Lese pase pou peye mwatye pri nan Otobis MTA	swa otobis jòn swa MetroCard	swa otobis jòn swa MetroCard
3yèm – 4yèm *grade*	Yo pa bay transpò	Lese pase pou peye mwatye pri nan Otobis MTA	

Si klas pitit ou a ak distans ant kay li ak lekòl li ale tonbe nan yon kazye ki anlè kategori “swa Otobis jòn swa MetroCard”, pitit ou a ap jwenn yon otobis jòn lekòl si :

1. Lekòl la aplike pou sèvis otobis jòn nan Biwo pou transpò elèv *Office of Pupil Transportation* (OPT),
2. Elèv la abite nan menm distri ak lekòl la ; epi
3. NYCDOE ka rive kay elèv la ak omwen 10 lòt elèv nan zòn lan pou distans yon pakou otobis ki pa depase 5 *mile*.

Elèv elijib ki pa satisfè kritè sa yo ap jwenn yon MetroCard. Sa vle di yon elèv matènèl ki elijib ap jwenn yon Metro Card si li ale lekòl nan yon lòt distri oswa si li abite tèlman lwen lekòl la ke NYCDOE pa ka kreye yon trajè otobis 5 *mile* pou 11 elèv. Paran ki abite nan distri lekòl ki pi gwo yo tankou (Staten Island) oswa ki nan distri pi gwo nan Queens yo ta dwe fè atansyon etandone yo pa ka atenn elèv nan zòn sa yo nan yon trajè 5 *mile*.

Gen yon sèl eksepsyon pou mwayen transpò. Elèv ki nan yonn nan senk pwogram G&T Vil la pa oblije abite nan menm distri ak lekòl yo ye a pou yo konsidere yo elijib pou mwayen transpò ; men yo dwe abite nan menm *borough* a. Yo aplike tout lòt règ sou elijiblite. Pou enfòmasyon sou kote otobis fè "*stop*" nan lekòl byen presi, tanpri kontakte lekòl la dirèkteman.

Pou w jwenn plis enfòmasyon osijè elijiblite pou transpò, tanpri ale sou sit wèb :
nyc.gov/schools/Offices/Transportation/ParentResources/GeneralEducationEligibility

NYC Department of Education

Pwogram pou timoun douwe *Gifted & Talented* (G&T)

Tès pratik pou pwogram evalyasyon
Eksplikasyon pou bay egzamen an

Pou elèv ki fèt an

2009

Pou elèv ki fèt an 2009

Pati 1 - Pratik egzamen alekri a

Eksplikasyon pou bay egzamen an

Eksplikasyon espesifik pou bay egzamen an

Kòmanse pratik egzamen an

1. Verifye bagay sa yo:
    a. Biwo a oswa tab la pa gen oken liv ni lòt materyèl ki pa gen rapò avèk egzamen an.
    b. Pitit ou a chita byen konfòtab.
    c. Pitit ou a gen de kreyon No. 2 avèk gòm.

2. Ba pitit ou a tiliv egzamen *Gifted and Talented* Vil Nouyòk la.

3. Li enstriksyon ki an karaktè gra yo egzateman jan yo ekri a. Si l nesesè, ou ka ajoute pwòp eksplikasyon w. Tèks ki pa an karaktè gra yo se plis eksplikasyon pou oumenm, ou pa sipoze li yo awotvwa.

4. Pou fasilite w, yo enprime repons kòrèk pou kesyon yo nan do eksplikasyon sa yo.

Bay pratik egzamen alekri a:

Di Ouvri tiliv egzamen an nan paj 1 epi gade imaj yo.

Kenbe tiliv egzamen an yon fason pou yo ka wè premye paj yo.

Di Gade kisa tigason an ap fè.

Ba pitit ou a anviwon 10–15 segond pou gade eksplikasyon imaj yo.

Di L ap tann yon repons.

Reponn tout kesyon sou kisa tigason an ap fè.

Di Nimewo 2 se repons la paske se yon kare ble. L ap ranpli ti boul ki anba repons sa a.

Montre kote repons lan ye ak dwèt ou.

Di Nan tiliv sa a, gen kèk kesyon pou reponn. Pran tan w pou gade chak kesyon epi jwenn pati ki manke a ki dwe ale nan kazye ki gen pwen entèwogasyon an. Pa pèdi anpil tan nan okenn imaj. Fè pi plis ou kapab. Si w vle chanje yon repons, efase mak ou fè epi ranpli ti boul pou nouvo repons ou a. Lè w rive nan siy "Stop" la, pa ale pi lwen. Eske w gen kesyon?

Reponn tout kesyon

Di Ou ka kòmanse.

Bay tout èd ki nesesè pou pitit ou a kapab vin abitye avèk diferan tip sijè yo. Pa ekri lè li kòmanse a ni lè pou l fini an, ni pa di pitit ou yo. Lè pitit ou a fini pratik egzamen alekri a,

Di Stop. Depoze kreyon w epi fèmen tiliv egzamen w lan.

Kite pitit ou a pran yon ti poz avan w kòmanse pratik egzamen aloral la.

Pratik egzamen aloral
Eksplikasyon pou bay egzamen an

Objektif pratik egzamen sa a se pou prepare pitit ou pou pran evalyasyon aloral la pou pwogram *Gifted and Talented* Vil Nouyòk la pou yo vin abitye avèk tip kesyon ki pral nan egzamen an. Pitit ou a ap aprann rekonèt ranje, pou suiv yon liy sou paj la soti agoch ale adwat, pou make repons yo byen, ak pou chanje repons lè sa nesesè.

Yo pa bay nòt pou pratik egzamen an. Donk, pitit ou a sipoze jwenn kantite èd li bezwen pou fini tout kesyon yo avèk siksè. Pou plis efikasite, yo ta sipoze bay pratik egzamen an anviwon yon semèn avan yo bay vrè egzamen an. Pou fasilite w, yo enprime repons kòrèk pou kesyon yo nan do eksplikasyon sa yo.

Eksplikasyon espesifik pou bay egzamen an

Tout eksplikasyon pou li pou pitit ou a ap an karaktè gra. Eksplikasyon pou paran (pa pou li awotvwa) yo an karaktè regilye. Si ou fè yon erè lè w ap li yon kesyon pandan egzamen an, rete epi di, ''Non se pa vre. Tande ankò.'' Epi li kesyon an oswa eksplikasyon an kòrèkteman.

Di Kounye a nou pral fè kèk aktivite enteresan ki tankou *puzzle*. Kite tiliv ou a fèmen jiskaske mwen di w kisa pou fè.

Ouvri tiliv ou a nan premye paj pwochen pati egzamen an. Kounye a gade nan premye ranje a kote ou wè yon ti chèz nan kòmansman ranje a. Mete dwèt ou sou chèz la.

Asire ke pitit ou a ouvri tiliv la kòrèkteman epi premye paj
prataik egzamen aloral la parèt.

Di
1 Lè imaj yo ale atravè paj la konsa, nou di yo an ranje.

Fè demonstrasyon an, pase dwèt ou sou paj la, soti agoch rive adwat.

Di Asire w ke ou ka wè espas repons yo. Gade blòk ki bò kote ti chèz yo. Jwenn nimewo ki jis anba yon kè a. Nan pwochen pati ranje a, mete yon mak anba nimewo sa a.

Pran yon poz pandan pitit ou a ap make repons lan.

Di Ki nimewo ki jis anba yon kè?

Pran yon poz pou li reponn.

Di Wi, nimewo 2 a se sèl nimewo ki jis anba yon kè. Nimewo 3 a bò kote yon kè men li pa anba li. Nimewo 5 la anlè yon kè, epi nimewo 6 la bò kote yon kè. Eske ou konprann poukisa nimewo 2 se repons ki kòrèk la? Di m si w pa konprann sa nou fèk fè a.

Reponn tout kesyon A pre ale nan nimewo 2.

Di 2 Mete dwèt ou anba pwochen ranje a, kote ou wè sizo yo. Make espas ki anba imaj ki montre: Yon tifi ki chita nan mitan yon chyen ak yon chat k ap gade televizyon. Gen yon lanp dèyè televizyon an.

Pran yon poz pandan pitit ou a ap make repons lan.

Di Eske w mete yon mak anba premye imaj la? Premye imaj la se sèl limenm ki montre yon tifi nan mitan yo chat ak yon chyen, avèk yon lanp dèyè televizyon an.

Reponn tout kesyon. Bay plis eksplikasyon, si sa nesesè.

Di 3 Kounye a mete dwèt ou sou pwochen ranje, sa ki gen akansyèl la. Gade nan bwat ki bò kote akansyèl la. Bwat la gen won ak lèt ladan. Nan pati ki vin apre nan menm ranje a, mete yon mak anba lèt ki anndan toude won yo.

Pran yon poz.

Di Ki kote ou mete mak la?

Pran yon poz pou li reponn.

Di Wi, twazyèm repons lan se li ki bon, se pa vre? Se sèl lèt C a ki anndan toude won yo. Lèt B ak D, yo chak anndan yon won, epi lèt A andeyò toude won yo. Si w te mete yon mak anba yon lèt diferan, efase l, epi mete yon mak nan espas anba lèt C a. Eske w gen kesyon?

Reponn tout kesyon pitit ou a ka genyen.

Di 4 Kounye a, ale nan dènye ranje a, sa ki gen kap la. Mete yon mak anba bwat kote ki gen yon triyang bò kote yon kare ki gen yon won anndan l.

Pran yon poz pandan pitit ou a ap make repons yo.

Di Eske w te make premye repons lan? Se sèl limenm ki gen yon triyang bò kote yon kare ki gen yon won anndan l. Eske w konprann poukisa lòt repons yo pa bon?

A sire w ke pitit ou a konprann kesyon 4.

Di Kounye a vire paj la. Ou ta sipoze wè yon ti tab nan kòmansman premye ranje a.

A sire w ke pitit ou a ap gade nan paj 2 pratik egzamen aloral la.

Di Kounye a vire paj la. Gade kesyon 5 lan ki anlè paj la.

Di 5 Tande. Peter manje de tranch pizza ou wè nan kòmansman ranje a. David manje egzakteman menm valè Peter manje a. Nan pati ki vin apre nan menm ranje a, mete yon mak anba imaj ki montre konbyen tranch pizza David manje.

Pran yon poz.

Di Eske w te make dezyèm repons lan, de tranch pizza? Peter manje de tranch, epi si David manje egzakteman menm valè a, donk, li manje de tranch. Eske w konprann?

Bay plis eksplikasyon, si sa nesesè.

Di 6 Avanse dwèt ou sou dènye ranje a, kote ou wè ze a. Mete yon mak anba imaj ki montre: Nan vitrin yon boutik, gen de bagay ou ka mete sou ou ak yon bagay ou ka jwe avèk li.

Pran yon poz pandan pitit ou a ap make repons lan.

Di Anba ki imaj ou mete mak la?

Pran yon poz pou li reponn.

Di Wi, katriyèm imaj la se sèl limenm ki montre de bagay ou ka abiye avèk yo ak yon bagay ou ka jwe avèk li. Eske ou konprann poukisa katriyèm imaj la se repons ki kòrèk la?

A sire w ke pitit ou a konprann kesyon 6.

Di Se sa sèlman n ap fè kounye a. Depoze kreyon w. Nan kèlke jou, ou pral fè plis pwoblèm tankou sa yo. W ap deja abitye avèk yo, paske w ap sonje kòman yo mache. Fèmen tiliv ou a yon fason pou kouvèti devan an anlè.

Demontre Epi apre ranmase tiliv egzamen an. Pratik egzamen an fini la a.

Fè lis tout repons ki kòrèk yo

Pratik egzamen aloral

1	5
2	2
3	3
4	3
5	1
6	4
7	2
8	1

Pratik egzamen aloral

1	1
2	1
3	3
4	1
5	2
6	4

NYC Department of Education

Pwogram pou timoun douwe *Gifted & Talented* (G&T)

Tès pratik pou pwogram evalyasyon

Pou elèv ki fèt an

2009

Copyright © 2012 NCS Pearson, Inc. All rights reserved.
Warning: No part of this publication may be reproduced or transmitted in any form or by any means, electronic or mechanical, including photocopy, recording, or any information storage and retrieval system, without permission in writing from the copyright owner.
Pearson, Naglieri Nonverbal Ability Test, NNAT, Otis-Lennon School Ability Test, and **OLSAT** are trademarks in the U.S. and/or other countries of Pearson Education, Inc., or its affiliate(s). Portions of this work were previously published.

Part 1

Nonverbal Practice Test

Copyright © 2012 NCS Pearson, Inc. All rights reserved.



Copyright © 2012 NCS Pearson, Inc. All rights reserved.

1





① ② ③ ④ ⑤

2



① ② ③ ④ ⑤

Copyright © 2012 NCS Pearson, Inc. All rights reserved.

3



① ② ③ ④ ⑤

4





① ② ③ ④ ⑤

Copyright © 2012 NCS Pearson, Inc. All rights reserved.

5



① ② ③ ④ ⑤

6



① ② ③ ④ ⑤

Copyright © 2012 NCS Pearson, Inc. All rights reserved.

7



① ② ③ ④ ⑤

8



① ② ③ ④ ⑤

Copyright © 2012 NCS Pearson, Inc. All rights reserved.

STOP

Copyright © 2012 NCS Pearson, Inc. All rights reserved.

Part 2

Verbal Practice Test

Copyright © 2012 NCS Pearson, Inc. All rights reserved.

1



2 3 5 6

2









3



A B C D

4







Copyright © 2012 NCS Pearson, Inc. All rights reserved.

5



6



STOP

Copyright © 2012 NCS Pearson, Inc. All rights reserved.

541535 1 2 3 4 5 A B C D E Printed in the USA ISD4836